

Ti Kaye — Anba Pye Mapou a

Semèn 1 • Dekole 1

Non mwen: _____

Sonje kont lan

Yon madanm ak mari li repoze anba lonbray yon pye mapou. Madanm nan di pye mapou a pa itil. Pye mapou a reponn li, paske yo t ap pwofite lonbray li pandan yo t ap pale l mal.

Kisa ou sonje?

Madanm nan ak mari li te repoze anba _____.

Madanm nan te di pye mapou a pa _____.

Pye mapou a te fache paske _____

Mo nan kont lan

Ekri sa chak mo fè w sonje. Ou ka ekri yon mo, yon fraz, oswa trase yon ti desen.

Egzanp — lonbray: yon kote ki fre anba yon pyebwa

mapou:

engra:

rekonesans:

benediksyon:

Jwe ak fraz yo

1. Devinèt — Kisa li ye?

Krik? Krak!

*Li chak devinèt, epi reponn ak modèl sa a: **Se yon _____ li ye.***

| “Li gran, li gen anpil branch, epi li bay lonbray. Kisa li ye?”

Egzanp repons: Se yon pye mapou li ye.

| “Li klere nan syèl la, li cho, epi li bay limyè. Kisa li ye?”

Se yon _____ li ye.

“Li grandi sou yon pyebwa, epi van ka fè l tonbe atè. Kisa li ye?”

Se yon _____ li ye.

2. Bati fraz pa w

Kounye a, ekri pwòp fraz pa w:

Se yon _____ li ye.

Egzanp: Pye mapou a ban mwen lonbray.

_____ ban mwen _____.

3. Pale sou rekonesans

Mwen rekonesan pou _____ paske _____.

Egzanp: Mwen rekonesan pou manman m paske li toujou ankouraje m.

Mwen rekonesan pou _____

paske _____.

Reflechi

Pye mapou a te bay mesye dam yo lonbray, men yo pa t rekonèt sa.

Ki moun oswa ki bagay ki tankou yon “pye mapou” nan lavi pa w?

Kisa moun sa a oswa bagay sa a ba ou?

Prepare pou pale

Li fraz sa a byen fò:

Mwen rekonesan pou _____ **paske** _____.

Di l de fwa. Apre sa, eseye di l san ou pa li.

Nan Jaden Amoni · Ti Kaye Amoni — Anba Pye Mapou a

© 2026 CreoleLink™. Tout dwa rezève.